

Kontra Itilizasyon Entènèt pou Elèv ak Gadyen yo

ELÈV LA

Mwen te li “Regleman sou itilizasyon akseptab sou Entènèt” Distri Lekòl Piblik Providence epi mwen konprann e mwen dakò pou m respekte kondisyon demann sa a pou aksè nan rezo a, ak regleman Distri Lekòl Piblik Providence pou itilizasyon akseptab resous rezo yo.

Mwen konprann mwen se sèl responsab pou tout chaj ak frè yo, tankou apèl telefonik ekstèn, enpresyon, ak acha machandiz ki fêt atravè rezo a. Distri Lekòl Piblik Providence pa yon pati nan tranzaksyon sa yo epi yo pa dwe responsab okenn depans oswa domaj, kit se dirèk oswa endirèk, ki soti nan tranzaksyon rezo itilizatè a.

Anplis de sa, mwen rekonèt rezo enfòmatik Distri Lekòl Piblik Providence se sèlman nan Distri Lekòl Piblik Providence epi nenpòt ki fichye, dosye, kourye elektwonik oswa lòt komunikasyon distrik Lekòl Piblik Providence kapab egzamine, modifye oswa efase nenpòt ki lè, an akò ak regleman oswa politik distri lekòl piblik Providence lan. An jeneral, yo p ap enspekte kourye elektwonik nan kont pèsonèl yo san konsantman moun ki te voye 1 la oswa destinatè a, eksepte jan sa nesesè pou ankete sou yon plent.

Anplis de sa, mwen konprann si mwen komèt nenpòt vyolasyon, yo ka revoke privilejè aksè mwen yo, epi yo ka pran aksyon disiplinè /oswa legal apwopriye nan lekòl la. An konsiderasyon pou itilize koneksyon rezo Distrik Lekòl Piblik Providence e pou m gen aksè ak rezo piblik yo, mwen libere Distri Lekòl Piblik Providence ak manm Komisyón Konsèy Lekòl li yo, anplwaye yo ak ajan li yo nan nenpòt reklamasyon ak domaj ki soti nan itilizasyon mwen oswa enkapasite pou itilize rezo a.

Mwen konprann itilizasyon aparèy la se yon privilej, se pa yon dwa. Anplis mwen konprann tout vyolasyon nan machaswiv ki anwo a pral mennen nan sispansyon lapoula nan privilej mwen genyen pou aparèy mwen an, epi akoz vyolasyon sa yo, yo kapab pran lòt mezi disiplinè.

Ekri Non Elèv la

Siyati Elèv la

Dat li Siyen

PARAN/GADYEN

Mwen se paran/gadyen legal elèv ki genyen non 1 anwo a. Mwen te li "Regleman pou aksepatasyon Itilizasyon Entènèt" Distri Lekòl Piblik Providence la epi mwen konprann e mwen dakò ak tout dispozisyon, règ ak regleman ki dekri ladan 1. Isit la mwen bay pèmisyon pou timoun mwen an itilize Aparèy Distri Lekòl Piblik Providence te bay li. Mwen dakò pou pitit mwen an suiv regleman sa a. Anplis, mwen konprann genyen yon posiblite pou timoun mwen an jwenn aksè enfòmasyon sou entènèt la ki pa apwopriye pou elèv, epi pwofesè ak manm pèsonèl Distri Lekòl Piblik Providence lan pral fè tout efò ki rezonab pou redwi aksè nan enfòmasyon sa yo, men finalman se timoun mwen an ki responsab pou entèdi tèt li nan enfòmasyon ki pa apwopriye yo.

Ekri Non Paran/Gadyen an

Siyati Paran/Gadyen an

Dat li Siyen